

**TINDAK DEGSIYA SAJRONE NOVEL**  
**REMBULAN NDHUWUR BLUMBANG ANGGITANE SUNARKO BUDIMAN LAN**  
**NOVEL RUNAWAY WIFE ANGGITANE MARGARET WAY**

(Tintingan Sastra Bandhingan)

**Cynthia Alifia Putri Yuwono**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

cynthia240324@gmail.com

**Abstrak**

Novel sastra Jawa modern *Rembulan Ndhuwur Blumbang* anggitane Sunarko Budiman lan novel terjemahan saka Australia *Runaway Wife* anggitane Margaret Way kang nduweni subtema kang padha yaiku ngenani tindak degsiya marang wong wadon. Underaning panlitene, yaiku: (1) Kepriye tindak degsiya ing novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*; (2) Apa kang nyebabake tindak degsiya ing novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*; lan (3) Kepriye sikap paraga utama nalika ngalami tindak degsiya sajrone urip sesomahan ing novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*. Panliten iki nduweni tujuwan yaiku, kango: (1) Supaya mangerteni tindak degsiya sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*; (2) Supaya mangerteni penyebab tindak degsiya sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*; lan (3) Supaya mangerteni sikap paraga utama nalika ngalami tindak degsiya sajrone urip sesomahan ing novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*.

Panliten iki mujudake panliten kanthi tintingan sastra bandhingan. Panliten sastra bandhingan iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Dhata primer ing panliten iki arupa tembung, ukara, pragrap, dialog antar paraga, wacana lan solah bawane paraga sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*. Dhata sekunder ing panliten iki yaiku andharan-andharan sajrone artikel utawa buku kang ngandharake ngenani tindak degsiya marang wong wadon. Dhata-dhata kasebut diklumpukake kanthi teknik inventarisasi, maca, cathet, lan klasifikasi. Tatacara pangolahane dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik analisis deskriptif. Teori kang digunakake kango nganalisis dhata yaiku teori sastra bandhingan.

Asile panliten nuduhake antarane novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife* nduweni perangan-perangan sing padha lan beda. Perangan kang padha saka kolorone novel kasebut yaiku subtema ngenani tindak degsiya marang wong wadon. Tindak degsiya kasebut dumadi sajrone bale somah. Perangan kang beda saka kolorone novel kasebut yaiku gambaran tindak degsiya, penyebab tindak degsiya, lan sikap paraga nalika ngalami tindak degsiya. Tindak degsiya sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* kayata njambak rambut, njongkrokake, ngeret-eret, ngremehake wong wadon, ora dianggep minangka garwa, sarta nyalahake carane ndhidhik anak. Novel *Runaway Wife* uga nggamarake anane tindak degsiya kayata njongkrokake nganti natap tembok, ngaplok, njambak, mbius, sarta ngelokake bojone nganggo tembung-tembung kasar. Penyebab tindak degsiya sajrone novel anggitane Margaret Way penyebabe amarga sing lanang kepengin nguwasani sing wadon. Saliyane kuwi penyebabe uga amarga sing lanang nduweni kelainan *sociopath*. Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* nggamarake sikap paraga utama kang pasrah nalika ngalami tindak degsiya, dene sajrone novel *Runaway Wife* paraga utama digamarake nduweni sikap wani nglawan lan ngupayakake supaya bisa bebas saka panyiksan.

**Tembung Wigati:** sastra bandhingan, tindak degsiya, *sociopath*.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Saben wong kang mangun bale somah pengene urepe ayem tentrem, nanging kadhang kala ana wae perkara sajrone mangun bale somah. Salah sawijining perkara kang dumadi sajrone bale somah yaiku tindak degsiya utawa ing basa Indonesia diarani kanthi tetembungan *Kekerasan Dalam Rumah Tangga* (KDRT). KDRT yaiku saben tumindak marang sawijine pawongan kang nyebabake kasangsaran.

Tindak degsiya marang wong wodan kerep

dumadi ing masyarakat. Sistem patriarki kerep dianggep dadi penyebab utama dumadine tindak degsiya marang wong wadon sajrone bale somah. Patriarki yaiku anggepan yen wong lanang nduweni kuwasa luwih dhuwur tinimbang wong wadon. Sistem patriarki sejatiné ora mesthi nduweni nilai negatif. Pancen bener yen wong lanang nduweni kuwasa luwih dhuwur, amarga wong lanang dianggep minangka kepala kulawarga, nanging saperangan wong nyalahgunakake anggepan kasebut kanggo nindakake degsiya.

Topik tumindak degsiya marang wong wadon pancen paling narik kawigaten pamaca. Jalanan bisa

menehi piwulang marang pamaca supaya bisa mangerten ingenani tumindak degsiya marang wong wadon. Topik ngenani tumindak degsiya marang wong wadon ing sastra Jawa modern kayata novel kang diripta dening Narko "Sodrun" Budiman kanthi irah-irahan *Rembulan Nduwur Blumbang*. Topik ngenani tumindak degsiya marang wong wadon uga dicritakake sajrone novel manca kanthi irah-irahan *Runaway Wife* anggitane Margaret Way.

Ana bab-bab kang narik kawigaten kanggo ditliti saka kekarone novel kasebut. Ana perangan kang padha saka rong novel iki yaiku nyritakake ngenani tindak degsiya marang wong wadon sajrone urip sesomahan. Senajan padha-padha nyritakake ngenani tumindak degsiya marang wong wadon, nanging ana bab-bab kang mbedakake saka kekarone novel kasebut. Bab-bab kang beda saka kekarone novel mau yaiku jalaran utawa motif tindak degsiya. Lumantar tintingan sastra bandhingan kang digunakake sajrone panliten iki, bakal diwedharake unsur *afinitas* sajrone kekarone novel mau.

### 1.1 Wewatesaning Panliten

Panliten iki nggunakake wewatesaning panliten supaya andharane ora tekan ngendi-ngendi lan supaya pamaca ngerti bab kang bakal diandharake. Wewatesaning penliten yaiku ngenani tindak degsiya sajrone bale somah kang dicritakake sajrone novel-novel kang arep ditliti. Panliten iki uga ngandharake motif-motif kang njalari tindak degsiya lan patrape paraga nalika ngalami tindak degsiya.

### 1.2 Underaning Panliten

Sacara umum kang dadi underaning panliten iki, yaiku bandhingake antarane motif tumindak degsiya ing novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan novel *Runaway Wife*. Underaning panliten ngenani motif tumindak degsiya, dirumusake kaya ing ngisor iki:

- 1) Kepriye tumindak degsiya ing novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife*?
- 2) Apa kang nyebabake tumindak degsiya ing novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife*?
- (1) Kepriye patrape paraga utama nalika ngalami tumindak degsiya sajrone urip sesomahan ing novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife*?

### 1.3 Tujuwaning Panliten

Adhedhasar underaning panliten ing ndhuwur, mula tujuwaning panliten kanthi tintingan sastra bandhingan, yaiku:

- 1) Supaya mangerteni tumindak degsiya sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife*.
- 2) Supaya mangerteni penyebab tumindak degsiya sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife*.
- 3) Supaya mangerteni patrape paraga utama nalika ngalami tumindak degsiya sajrone urip sesomahan

ing novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife*.

### 1.4 Paedahing Panliten

Panliten iki diajab bisa aweh piguna tumrap pangripta sastra Jawa modern, dikarepake kanthi anane asil panliten iki bisa ngasilake karya sastra kang luwi apik maneh amrih bisa terus ngregengake jagade kasusastran Jawa. Panliten iki uga bisa digunakake minangka sarana kanggo bahan pamulangan ing sekolahan, mligine ing babagan apresiasi karya sastra. Saliyane kuwi, panliten iki bisa menehi piguna tumrap masyarakat, utamane bisa dadi kritik marang masyarakat ngenani tindak degsiya marang wong wadon.

### 1.5 Wewatesaning Tetembungan

Ing panliten iki nggunakake wewatesaning tetembungan supaya antarane panlii lan pamaca ora salah tampa ngenani bab kang dirembug. Tembung-tembung wigati kang bakal kaandharake tegese ing kene, yaiku:

**Tindak Degeriya** : Tumindak kang ora nyenengake kang dilakoni sawijine pawongan marang pawongan liyane kang nyebabake wong liya sengsara lan kelara-lara.

**KDRT** : Saben tindak marang sawijine pawongan, mligine wong wadon kang nyebabake kasangsaran utawa *penderitaan fisik, seksual, psikologis* sajrone bale wisma.

**Sociopath** : Sawijine kahanan kang nyebabake pawongan nganggep dheweke kebal marang sakabehe aturan, dheweke nganggep yen tumindake bener lan ora bisa dihukum

**Afinitas** : Yaiku gegayutane unsur intrinsik karya sastra, upamane *struktur, gaya, tema, mood* (kahanan kang dumadi sajrone karya sastra), lsp, kang didadekake bahan panulisan karya sastra.

**Patriarki** : Struktur masyarakat kang kakuwasane mesthi ana ing tangane wong lanang minangka pihak kang dominan, tegese wong lanang nguwasan wong wadon kanthi sawernaning cara lumantar sistem kasebut (Kriyanto, 2005:88)

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Budaya Masyarakat Jawa

Masyarakat Jawa nduwensi tata krama lan suba sita. Miturut Koentjaraningrat (1984:271), ing tengah-tengah pasrawungan wong sing luwihi enom kudu ngurmati sing luwihi tuwa. Nalika cecaturan karo wong kang luwihi tuwa uga kudu gawe basa kang tumata, yaiku nggunakake basa krama. Budaya masyarakat Jawa ngalami owah gingsire jaman wiwit abad 19 lan saya owah ing abad 20 nganti tekan saiki, tuladhane ing bab adat istiadat. Budaya Jawa

wiwit owah bisa dideleng saka pasrawungan nom-noman saiki kang ora ana watese. Jaman biyen prwan-prawan kudu dipingit lan diwenehi palilah ninggalake omah yen dheweke dikancani sedulure. Taun 1918 adat kang kaya mangkono wiwit ilang, nalika prawan-prawa priyayi wis kenal pendhidhikan sekolah lan luwih gampang lunga ing ngendi wae lan srawung karo sapa wae (Koentjaraningrat, 1984:248).

### Budaya Masyarakat Australia

Australia minangka asil perpaduan unik antara tradisi mapan lan pangribawa anyar. Masyarakat asli Australia, suku Aborijin lan masyarakat Kepulauan Selat Tokes, minangka pewaris salah sawijine tradisi kabudayan paling tuwa ing donya kang isih awet. Nilai-nilai kang lumaku ing masyarakat lan isih diugemi, yaiku (1) ngurmati *kesetaraan nilai*, pangurmatan lan kabebasan individu, (2) kabebasan ngomong lan *berserikat*, (3) kabebasan beragama lan pamerantah sekular, (4) dukungan kanggo demokrasi parlementer lan negara hukum, (5) *kesetaraan hukum*, (6) *kesetaraan* wong lanang lan wong wadon, (7) *kesetaraan kesempatan*, (8) *kedamaian*, lan (9) semangat *egalitarianisme* kang nyakup toleransi, saling kurmatngurmati lan rasa welas asih marang pawongan kang lagi kasusahan. Australia uga nduweni keyakinan teguh yen ora ana wong kang oleh dirugikake mung amarga beda negara kelairane, warisan budyane , basane, gender utawa agamane.

### Budaya Patriarki

Patriarki minangka sistem kulawarga kang dianut dening masyarakat Jawa. Sistem kasebut manggonake kalungguhane wong lanang minangka kepala utawa pimpinan sajrone kulawarga lan masyarakat (Darni, 2012:17). Panemu liyane diandharake dening Krisyanto (2005:88) manawa patriarki minangka struktur masyarakat kang kakuwasane mesthi ana ing tangane wong lanang minangka pihak kang dominan, tegese wong lanang nguwasan wong wadon kanthi sawernaning cara lumantar sistem kasebut. Sajrone struktur kang kaya mangkoni, wong wadon ora oleh panggon kejaba mung nunut marang kalungguhane bojone, bapake, utawa anak lanange. Idhentitas, martabat, lan ajining dhiri wong wadon gumantung marang status sosial bojone, bapake, utawa anak lanange.

### Kajian Sastra Bandhingan

Miturut Hutomo (1993:9-11) kang kalebu panliten sastra bandhingan yaiku, 1) mbandhingake rong karya sastra saka rong negara kang beda basane, 2) mbandhingake rong karya sastra saka rong negara kang beda, nanging basane padha utawa dialeke beda, 3) mbandhingake rong karya sastra saka rong negara kang beda, nanging pangriptane saka negara kang padha, 4) mbandhingake karya sastra kang dianggit dening sawijine

pangripta nalika isih manggon ing negara kelairane lan nalika sawise pindhah, 5) mbandhingake karya sastra sawijine pangripta kang wis dadi warga negara tartamtu karo karya sastra pangripta saka negara liya (dudu panggonan asal kelairane pangripta), 6) mbandhingake karya sastrane pangripta Indonesia kang ditulis nganggo basa dhaerah lan kang ditulis ing basa Indonesia, 7) mbandhingake rong karya sastra saka rong pangripta kang kewarganegaraane padha, nanging nulis nganggo basa manca kang beda, 8) mbandhingake karya sastrane wong manca kang manggon ing sawijine negara karo karya sastra asli saka negara kang dipanggoni (rong karya iki ditulis nganggo basa kang padha).

### Tindak Degsiya

Tindak degsiya kang dimaksud ing panliten iki, yaiku tindak degsiya sajrone bale somah utawa luwih dikenal kanthi tetembungan KDRT. KDRT yaiku saben tindak marang sawijine pawongan kang nyebabake kasangsaran. KDRT umume ditindakake dening wong lanang marang wong wadon.

Adhedhasar UU No. 23 taun 2004 tindak degsiya marang wong wadon sajrone bale somah diperang dadi 4, yaiku:

1. Kekerasan Fisik yaiku tindak kang nyebabake rasa lara, kelaran utawa tatu.
2. Kekerasan Psikologis/ Emosional yaiku tindak kang nyebabake rasa wedi, ilange rasa *percaya diri*, ilange kewasiran kanggo nindakake samubaran, *rasa tak berdaya* utawa lara batin kang dirasakake sawijine pawongan.
3. Kekerasan Seksual. Tindak degsiya jinis iki kayata *pengisolasian* wong wadon saka kebutuhan batine, meksa korbane nglakoni *hubungan seksual*, meksa wong wadon nuruti karepe tanpa mikirake kekarape wong wadon.
4. Kekerasan Ekonomi. Saben pawongan ora oleh *menelantarkan* pawongan liyane sajrone urip sesomahan. Miturut hukum kang lumaku, pawongan iki wajib menehi panguridan, ngrumat utawa ngopeni pawongan kasebut.

Tindak degsiya marang wong wadon kang ditindakake dening wong lanang mesthi ana penyebabe. Andharan ngenani faktor penyabab tindak degsiya kaya ing ngisor iki:

- a) Anggapan yen wong lanang luwih nduweni kuwasa tinimbang wong wadon kang wis diugemi dening kulawarga lan masyarakat.
- b) Faktor ekonomi uga dadi jalaran tindak degsiya. Wong wadon kang mung gumantung marang wong lanang lan ora bisa mandiri nyebabake wong lanang bisa tindak sasenenge dhewe.

- c) Kekerasan minangka sarana kanggo mungkasi perkara. Faktor iki mujudake faktor dominan kaping telu saka kasus tindak degsiya sajrone bale somah.
- d) Frustasi uga bisa dadi penyebab tindak degsiya sajrone bale somah. Wong lanang frustasi banjur nindakake degsiya marang bojone, amarga ora bisa nyukupi kebutuhan kulawarga kang dadi tanggung jawabe.
- e) Kemampuan kang kurang tumrap wong wadon sajrone proses hukum. Kurange KUHAP kang ngatur ngenani hak lan kewajiban wong wadon minangka korban KDRT. Nalika ing sidhang pengadilan, wong wadon minangka korban KDRT ora bisa nyritakake sakabehe tindak degsiya kang wis tau dialami.

#### Lelandhesan Teori

Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* anggitane Sunarko Budiman lan novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way iki mujudake sawijine carita roman. Teori-teori kanggo nganalisis novel-novel kasebut kudu trep amarga teori bakal menehi arah panliti turap panliten. Tintingan kang digunakake ing kene, yaiku tintingan sastra bandhingan kang diandharake dening Hutomo. Hutomo (1993:9-11) ngandharake yen sastra bandhingan yaiku mbandhingake rong karya sastra saka rong negara kang beda basane.

Sadurunge dhata dianalisis kanthi tintingan sastra bandhingan, luwih dhisik dianalisis bab-bab kang gegayutan karo tindak degsiya marang wong wadon sajrone bale somah. Bab-bab kang gegautan karo tindak degsiya, yaiku (1) wujud tindak degsiya sajrone bale somah, (2) penyebab pelaku nindakake degsiya, lan (3) patrape korban kang ngalami tindak degsiya.

Panliten iki uga disengkuyung tintingan struktural kanggo nintingi unsur *afinitas* novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*. Analisis struktur kang digunakake yaiku miturut panemune Nurgiyantoro (2007:37) menawa analisis nganani struktur karya sastra bisa ditindakake kanthi cara ngidhentifikasi, nintingi, lan njlentrehake unsur-unsur instrinsik.

## METODHE PANLITEN

#### Ancangan Panliten

Panliten iki mujudake panliten kanthi tintingan sastra bandhingan. Panliten sastra bandhingan iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Miturut Moleong (sajrone Jabrohim 2001:36), panliten kualitatif nduweni tujuwan mangun persepsi alamiyah sawijine objek, dadi panliti bakal nliti objek kanthi wutuh (*holistik*). Metodhe dheskriptif kualitatif wis trep karo tujuwane panliten kang njlentrehake asil bandhingan

konflik sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Way*.

#### Sumber Dhata

Miturut Arikunto (2006:129) sing dikarepake sumber dhata sajrone panliten yaiku asale subjek dhata sing dijupuk. Sumber dhata sajrone panliten sastra bandhingan iki diperang dadi loro, yaiku sumber dhata primer lan sekunder. Sumber dhata primer ing panliten sastra bandhingan iki, yaiku novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* anggitane Sunarko Budiman lan *Runaway Wife* anggitane Margaret Way, dene sumber dhata sekunder yaiku artikel-artikel lan buku-buku kang gegayutan karo konsep tindak degsiya marang wong wadon.

#### Dhata

Kegiatan panliten ora bisa uwat saka anane dhata minangka bahan utama saka pawarta kanggo menehi gambaran kang mligi tumrap objek panliten. Dhata mujudake kasunyatan sing asipat empirik tumrap kapentingan ngudhari perkara utawa mangsuli pitakonan panliten. Miturut Arikunto (2006:128), dhata mujudake cathethan sanyatane saka asile panliten. Dhata panliten dijupuk saka maneka warna sumber dhata sing dikumpulake, digunakake teknik sing wis dipilih nalika panliten ditindakake. Dhata sajrone paliten iki diperang dadi loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder.

#### Dhata Primer

Dhata primer ing panliten iki arupa tembung, ukara, pragrap, dialog antarparaga, wacana lan solah bawane paraga sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*.

#### Dhata Sekunder

Dhata sekunder ing panliten iki yaiku andharan-andharan sajrone artikel utawa buku kang ngandharake ngenani tindak degsiya marang wong wadon.

#### Tatacara Pangumpulane Dhata

Tatacara kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa metodhe pustaka. Metodhe pustaka digunakake kanggo nggoleki dhata-dhata kang wis diandharake sadurunge. Bahan kang dipikolehi sajrone metodhe pustaka iki digunakake minangka sumber tinulis sajrone panliten iki.

Pangetrave metode pustaka kaya andharan ing ngisor iki:

- 1) Teknik inventarisasi. Teknik iki digunakake kanggo ngumpulake sumber-sumber pustaka kang relevan karo panliten iki.
- 2) Teknik maca. Teknik maca iki ditindakake kanthi cara maca sumber-sumber dhata tinulis kang ana sajrone panliten iki.
- 3) Teknik cathet. Teknik iki digunakake kanggo nyathet bab-bab kang wigati saka dhata sajrone

panliten iki kang ana sesambungane karo tujuwane panliten.

- 4) Teknik klasifikasi. Teknik iki ditindakake kanthi cara nggolongake dhata kang wis diklumpukake lumantar teknik cathtet mau.

### Tatacara Pangolahan Dhata

Teknik analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik analisis deskriptif. Analisis deskriptif iki bakal ngasilake dhata kang deskriptif kang ana sesambungane karo tujawane panliten.

Pangetrape analisis dhata ing panliten iki ditindakake sawise sakabehe dhata kang dibutuhake wis kasil diklumpukake. Dhata-dhata mau banjur dianalisis kanthi cara ing ngisor iki:

- 1) Nintingi topik kang padha saka kekarone novel mau kanthi tintingan sastra bandhingan.
- 2) Maca artikel lan buku kang ngandharake tindak degsiya.
- 3) Nintingi gambaran tindak degsiya kang dialami dening paraga utama sajrone kekarone novel mau.
- 4) Nintingi penyebab tindak degsiya sajrone novel *Rembulan Nduhuur Blumbang anggitane Sunarko Budiman* lan novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way.
- 5) Nintingi sikap paraga utama sajrone novel *Rembulan Nduhuur Blumbang* lan novel *Runaway Wife* nalika ngalani tindak degsiya
- 6) Banjur mbandhingake novel *Rembulan Nduhuur Blumbang anggitane Sunarko Budiman* lan novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way.
- 7) Sawise dibandhingake, digoleki perangan-perangan kang beda lan kemiripane saka rong novel iki.
- 8) Banjur nggawe dudutan saka sakabehe analisis dhata kang wis ditindakake.

### Prosedur Panliten

Tahap-tahap panliten sastra bandhingan kang mbandhingake tema KDRT novel *Rembulan Nduhuur Blumbang anggitane Sunarko Budiman* lan novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way kaya mangkene:

#### 1. Tahap Persiapan

Ing tahap persiapan, panliti nindakake kegiatan sadurunge miwiti panliten. Kegiatan kasebut kayata nemtokake sumber dhata lan tintingan kanggo nintingi dhata, nemtokake irah-irahan panliten, nindakake telaah pustaka, lan nemtokake metodhe.

Kaya kang diandharake sadurunge, ing tahap persiapan iki bab-bab kang kudu disiyapake yaiku:

- (1) Nemtokake sumber dhata lan tintingan

Sumber dhata kang digunakake yaiku novel *Rembulan Nduhuur Blumbang anggitane Sunarko Budiman* lan novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way, banjur kekarone novel kasebut ditintingi adhedhasar tintingan sastra bandhingan.

- (2) Nemtokake irah-irahan

Irah-irahan ing panliten iki yaiku Tindak Degsiya Sajrone Novel *Rembulan Nduhuur Blumbang Anggitane Sunarko Budiman* Lan Novel *Runaway Wife* Anggitane Margaret Way (Tintingan Sastra Bandhingan).

- (3) Nemtokake metodhe panliten

Ing panliten sastra bandhingan iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Metodhe dheskriptif kualitatif dikarepake bisa njlentrehake ngenani tindak degsiya sajrone bale wisma ing novel-nobel kasebut, motif kang nyebabake paraga nglakoni tindak degsiya, akibat kang ditimbulake saka tindak degsiya, lan sing pungkasen gegayutan novel *Rembulan Nduhuur Blumbang* lan novel *Runaway Wife*.

#### 2. Tahap Nindakake Panliten

Ing tahap iki kalebu tahap kang utama sajrone panliten. Tahap-tahape yaiku ngumpulake dhata banjur dianalisis miturut teknik-teknik kang wis ditemtokake sadurunge nindakake kegiatan panliten.

Sawise dhata arupa tembung, ukara, paragrap, dialog antar paraga, wacan lan solah bawane paraga sajrone novel *Rembulan Nduhuur Blumbang* lan *Runaway Wife* dicathet, banjur dhata kasebut diolah utawa dianalisis adhedhasar underane panliten kayata:

- 1) Wujud tindak degsiya ing novel *Rembulan Nduhuur Blumbang* lan novel *Runaway Wife*
- 2) Penyebab tindak degsiya ing novel *Rembulan Nduhuur Blumbang* lan ing novel *Runaway Wife*
- 3) Sikap paraga wadon sajrone novel *Rembulan Nduhuur Blumbang* anggitane Sunarko Budiman lan novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way nalika ngalami KDRT

#### 3. Tahap Panyampurnan

Tahap panliten kang pungkasen yaiku tahap panyampurnan. Ing kene kang bakal ditindakake yaiku nyusun asil analisis dhata. Dhata-dhata kang wis dianalisis banjur direvisi sawise disarujuki dening dosen pembimbing.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### Gegambaran Tindak Degsiya ing Masyarakat

Manungsa yaiku makhluke Pangeran kang martabate paling dhuwur. *Hak asasi manusia* (HAM) ana lan *melekat* ing saben manungsa, mula sipate *universal*, ateges lumaku ing ngendi wae, lan kanggo sapa wae lan ora bisa dijupuk karo sapa wae. HAM kudu dilindungi lan diperjuangake, nanging kadhang kala ana saperangan masyarakat kang nyalahgunakake HAM. Salah siji dampak nyalahgunakake HAM yaiku anane tindak degsiya. Sejatine tindak degsiya disebabake anane kapercayan tartamtu kang ngijinake salah siji pihak

nindakake degsiya marang pihak liyane. Bab iki dijalari anane anggepan *ketidaksetaraan* sajrone masyarakat.

Semono uga tindak degsiya sajrone bale somah. Tindak degsiya sajrone bale somah bisa dumadi amarga anane *relasi* kakuwasan kang *timpang* antarane wong lanang lan wong wadon. Kurange kawigaten saka masyarakat nyebabake tindak degsiya marang wong wadon saya akeh. Saliyane kuwi, tindak degsiya sajrone bale somah dianggep *aib* kulawarga kang ora oleh diweroahi dening masyarakat. Wong wadon kang mayoritas minangka korban tindak degsiya sajrone bale somah kudune oleh *perlindungan* saka negara utawa masyarakat supaya bisa bebas saka tindak degsiya lan anceman tindak degsiya.

### Gegambaran Tindak Degsiya sajrone Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*

Tindak degsiya sajrone bale somah ing novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife* iki ditindakake dening wong lanang marang wong wadon. Wong lanang minangka sisihan kang kudune menehi rasa aman marang garwane, nanging malah dadi pawongan kang diwedeni dening garwane. Wujud tindak degsiya marang wong wadon bisa diperang dadi telung jinis, yaiku kekerasan fisik, kekerasan psikologis, lan kekerasan seksual. Andharan gegambaran tindak degsiya sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife* kaya ing ngisor iki.

#### Kekerasan Fisik

Wujud tindak degsiya kang arupa kekerasan fisik iki kacaritakake sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife*. Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* nyritakake kekerasan fisik kang ditindakake dening wong lanang marang wong wadon. Anisah minangka kurban kekerasan fisik, dene kang nindakake kekerasan fisik yaiku Purnomo, sisihane Anisah. Gambaran kekerasan fisik kang ditindakake dening Purnomo bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (1) "Kaya nuntun wedhus patrape. Bojone sing gendhong anake dieret-eret. Faza nangis njempling-njempling. Kewedan. Kahanan dadi tambah semrawut..." (RNB, 2013:103)

Pethikan mau nggambareke yen Purnomo wis nindakake kekerasan fisik marang Anisah lan anake, Faza. Purnomo tega ngeret-eret Anisah kayadene ngeret-eret wedhus. Tindake Purnomo wis ora kaya patrape wong lanang kang kudune menehi rasa aman marang wong wadon. Purnomo nindakake kang kaya mangkono ing ngarepe wong tuwane Anisah. Tindake Purnomo wis nyimpang saka tatakrama. Senajan Purnomo nesu karo Anisah, nanging dheweke kudu tetep ngugemi tatakrama

lan ora ngeret-eret Anisah nganti Anisah kelaran ing ngarepe maratuwane.

Tindake Purnomo pancen kaya wong kesetanan. Purnomo ora mung ngeret-eret Anisah, nanging Purnomo uga njambak rambute Anisah. Gambarane bisa dideleng saka pethikan novel ing ngisor iki:

- (2) "Pur njambak rambute Anisah. Digeret supaya ngadeg. Anisah kelaran. Nanging ora sambat. Ora nangis senajan ngempet sirahe sing lara dijambak rambute..." (RNB, 2013:107)

Pethikan mau nuduhake kahanane Anisah nalika dipulasara karo Purnomo. Purnomo njambak rambute Anisah supaya Anisah ngadeg. Purnomo ora nduwe rasa welas marang Anisah. Purnomo ora peduli yen Anisah kelaran. Tumindake Purnomo kang kaya mangkono amarga nesu karo Anisah. Purnomo nduwe panemu yen Anisah kang njupuk dhuwite ing ATM. Purnomo ora nakokake perkara kuwi apik-apik karo Anisah, nanging malah nyiksa Anisah. Tumindak Purnomo mau, njalari anake keweden. Wong tuwane Anisah uga wedi lan ngesakake nyawang Anisah dipulasara karo sisihane. Purnomo terus ngarani Anisah kang njupuk dhuwite. Nalika Anisah ngomong yen dheweke dudu sing njupuk dhuwite, Purnomo sansaya nesu. Purnomo terus nakoni Anisah, kapan Anisah njupuk dhuwite. Purnomo ora gelem ngrungokake andharan saka Anisah.

Ora anane rasa percaya marang Anisah kang njalari Purnomo tumindak kasar kaya mangkono. Purnomo ora nganggep Anisah minangka bojo. Purnomo dadi wong lanang kang kasar lan gampang nesu sawise dheweke nganggur, amarga dipehaka saka perusahaan. Bab kuwi kang njalari Purnomo ngalami owah-owahan adat.

Gegambaran kekerasan fisik kang dialami dening Anisah sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*, uga kagambareke sajrone novel *Runaway Wife*. Ing novel *Runaway Wife* kacritakake yen Laura, paraga utama sajrone novel, kerep disiksa karo sisihane, Colin. Laura ora nyangka yen Colin tega nyiksa dheweke. Tumindake Colin beda karo nalika isih pacaran. Colin kang mbiyen tresna marang dheweke, saiki dadi pawongan kang beda. Pawongan kang ora nduwe rasa welas. Bab-bab kuwi bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (3) "Sebetulnya banyak sekali cara untuk mengungkapkan cinta. Tetapi membenturkannya ke tembok dengan sekali dorong tidak termasuk salah satunya." (RW, 2010:8)  
("Sejatiné akeh cara kanggo medharake rasa tresna. Nanging njongkokane menyang tembok

*ora kalebu cara medharake rasa tresna.”)*

Pethikan kasebut mujudake pangudarasane Anisah kang nggamarake tumindake Colin kang degsiya marang dheweke. Colin tega njrongkrokake Laura nganti sirahe natap tembok. Tumindake Colin kang kaya mangkono kang njalari Laura keweden yen pethuk karo Colin. Anggapane Laura yen Colin wong lanang sing romatis lan kebak rasa tresna wis owah, nalika Laura resmi dadi bojone Colin. Sikape Colin beda satus wolung puluh drajat. Laura ora nyangka yen Colin tega nyiksa dheweke.

Laura nyoba urip sesomahan karo Colin, senajan saben dina ora luput karo siksaane Colin. Sakabehe cara dilakoni supaya gawe seneng atine Colin, nanging kabeh usahane ora ana gunane. Colin tetep nyiksa dheweke. Rasa wedi lan wewayangan tumindak degsiyane Colin mesthi ngebaki pikirane Laura. Ora ana rasa seneng sajrone urip sesomahan karo Colin. Laura wis ora kuwat urip sesomahan karo Colin. Pungkasane Laura minggat saka omah, nanging Colin bisa nemokake dheweke.

#### Kekerasan Psikologis/Emosional

Kekerasan psikologis utawa emosional yaiku tumindak kang nyebabake rasa wedi, ilange rasa *percaya diri*, ilange kewasiran kango nindakake samubarang, *rasa tak berdaya* utawa lara batin kang dirasakake sawijine pawongan. Tumindak degsiya kang kalebu psikologis yaiku ngelokake, menehi komentar-komentar kang nglarani utawa *merendahkan harga diri, mengisolir* wong wadon, ngancam, meden-medeni supaya kurbane manut utawa gelem nuruti karepe. Tumindak degsiya kang arupa kekerasan psikologis/emosional iki digamarake sajrone novel anggitane Sunarko Budiman lan Margeret Way. Novel anggitane Sunarko Budiman kanthi irah-irahan *Rembulan Ndhuwur Blumbang* iki nyritakake kekerasan psikologis kang dialami dening Anisah. Kekerasan psikologis kang dialami Anisah kaya pethikan ing ngisor iki:

- (4) “Muni sakecap wae, ora ana benere. Dianggep mbalela kek, ndhikte kek, wani karo wong lanang kek... Saben ana ngomah Pur arang nyuwara, sepisan pindho ngomong kanggo Anisah ukarane nylekit. Manasi ati. Nglarani ati wadone... (RNB, 2013:23)

Pethikan kasebut menehi gambaran yen sipat asline Purnomo wiwit katon. Saben ukara kang metu saka lambene Purnomo gawe lara atine Anisah. Saben Anisah ngomong utawa nglakoni

apa wae kang ora srek karo atine Purnomo dianggep mbalela. Anisah dianggep minangka wong wadon kang ora bisa ngregani bojone. Anisah dianggep minangka bojo sing wani karo wong lanang. Babagan kuwi kang njalari Anisah ora betah yen Purnomo ana ngomah. Purnomo mung gawe ati lan kupinge panas, nanging rumangsane Purnomo ukara kang diunekake wis bener lan ora salah apadene nglarani Anisah, dene Anisah rumangsa suwaliike.

Purnomo ora seneng yen Anisah mung mesem-mesem karo Faza. Miturute Purnomo, bocah rumangsa diuja yen mung diesem-esemi. Dadi, miturut panemune Purnomo, Anisah ora bisa ndidik anak. Yen anak dadi nakal kuwi salahe Anisah amarga anake mung diesemi, ora diseneni yen anak nglakoni salah.

Purnomo ora tau gelem melu ngopeni Faza, nggendlhong Faza wae ora gelem. Kabeh masalah ngopeni anak dipasrahake marang Anisah. Purnomo mung menehi komentar yen cara ndidike Anisah ora bener lan nyebabake bocah nakal. Anisah ora kepengen padu karo Purnomo. Pungkasane Anisah kang ngalah lan njaluk ngapura marang Purnomo. Anisah ora pengen masalah kuwi dadi tambah dawa, nanging sing dijaluki ngapura malah meneng wae, ora semaur apa-apa. Anisah kang rumangsa ora digathekake, banjur ngaleh nyedhaki Faza sing lagi dolanan Puspus.

Anisah bisa ngerteni tumindake Purnomo kang owah dadi kasar amarga dheweke dipehaka saka panggone nyambut gawe. Sejatine Anisah kepengen nyambut gawe kanggo ngewangi Purnomo, nanging Purnomo malah menehi komentar kang nylekit nalika Anisah njaluk palilahe.

Kekerasan psikologis kang dialami dening Anisah, uga dialami dening Laura sajrone novel *Runaway Wife*. Laura ora mung disiksa sacara fisik karo bojone, nanging uga disiksa batine. Kekerasan psikologis kang dialami dening Laura kaya pethikan ing ngisor iki:

- (5) “..perilakunya yang suka mencemooh, dan rasa cemburu yang tak ada habisnya, semua telah memadamkan api cinta Laura terhadap pria itu...” (RW, 2010:6)  
“...tumindake sing seneng ngelokake, lan rasa cemburu sing ora ana enteke, kabeh kuwi nyebabake ilange rasa tresnane Laura marang wong lanang kuwi... ”)

Pethikan kasebut menehi gegambaran yen Laura wis ora tresna karo bojone amarga tumindake bojone kang ora percaya karo dheweke lan seneng ngelokake

dheweke. Laura ora nduwe pikiran yen bojone nduwe watak kang kasar lan seneng ngelokne.

Colin, bojone Laura, ora mung seneng ngelokne Laura, nanging uga usaha supaya Laura kelangan rasa percaya dhirine. Tujuwane supaya Laura ora bisa nindakake apa-apa amarga kelangan rasa percaya dhiri. Colin ngilangake rasa percaya dhirine Laura kanthi cara ngelokake yen Laura bocah manja lan nyalahake carane wong tuwane ndidik Laura. Pethikan kaya ing ngisor iki:

- (6) “Dasar anak emas ayah!”... Cara suaminya mengucapkan kata-kata itu, terkesan penuh cemooh, sangat melecehkan, dan menyakitkan...” (RW, 2010:7)  
*(“Dasar anak emas bapak!”... Carane bojone ngucapake tembung-tembung kuwi, kaya ngelokne, ngremehne banget, lan nglarani...”)*

Kaloro pethikan kasebut nuduhake wujud kekerasan psikologis kang ditampa dening Laura. Colin seneng ngremehne Laura. Miturute Colin, Laura ora bisa nglakoni apa-apa kaya kang dikarepake Colin amarga Laura wong wadon kang manja. Laura dadi manja amarga pola asuh wong tuwane kang salah. Laura lara ati, yen keprungu tembunge Colin kang nyalahake pola asuh wong tuwane. Tumrape Laura, Colin kang aneh. Sejatine minangka wong lanang, Colin kudune menehi rasa aman lan ngayomi garwane, ora malah ngremehne lan nyiksa garwane.

Laura sejatine kepingin nduwe bojo kaya bapake kang wis seda. Bojo kang bisa mbimbung dheweke, tresna marang dheweke, lan menehi rasa aman. Dudu bojo kang senengane nyiksa dheweke. Dudu bojo kang senengane ngetokake ukara-ukara kasar kang gawe lara ati. Dudu bojo kang senengane ngremehne dheweke. Pranyata kuwi kabeh mung ana ing angen-angene Laura. Colin dudu bojo kaya kang dikarepake. Tumindake Colin malah suwalike. Colin beda satus wolung drajat karo angen-angene.

Laura kang umure isih enom banget nalika rabi karo Colin, durung ngerti kepriye carane ngadepi bojo kaya Colin. Laura rumangsa getun rabi karo Colin, dheweke kudu ngadepi siksaan fisik lan batin saben dina. Sikape Colin kang kasar kuwi mung dingerten dening Laura. Yen ing njaba omah, sikape Colin owah dadi apik lan ora ngetokake tandha-tandha arep nyiksa Laura. Tumindake Colin kang sapenake kuwi wis nglarani atine Laura.

### **Kekerasan Seksual**

Tumindak degsiya jinis iki kayata *pengisolasian* wong wadon saka kebutuhan batine, meksa kurbane nglakoni *hubungan seksual*, meksa wong wadon nuruti karepe tanpa mikirake kekarape wong wadon. Novel

*Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife* uga ngandharake ngenani kekerasan seksual sajrone urip sesomanan. Gambaran kekerasan seksual sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (7) “... Rasa wedi lara, wedi perih tansah gawe goreh atine. Kelingan Pur yen njaluk jatah sakdeg-saknyet. Tanpa wangenan! Tanpa taha-taha. Saktekane mulih lunga, awan apa tengah bengi, angger ngomah sepi ajeg ngglandhang Anisah diajak mlebu kamar. Rusuh tandange Pur lir drubiksa wuru waragang. Tanpa romantisme blas! (RNB, 2013:40)

Pethikan kasebut minangka perangan alur ing awal crita. Pethikan kasebut mujudake gambaran pangudarasane Anisah yen ngelingi tumindake Purnomo. Purnomo ora mung kasar ing njaba, nanging ing kamar Purnomo uga kasar. Pancen watake Purnomo kang sapenake dhewe wiwit katon sawise dipehaka. Sikape Purnomo wiwit owah-owah.

Tumindake Purnomo kang kasar nalika njaluk jatah marang Anisah kalebu kekerasan seksual. Purnomo tumindak sakpenake dhewe tanpa mikirake rasa lara lan rasa wedi kang dirasakake Anisah. Tumindake Purnomo kang kasar kuwi gawe atine Anisah goreh. Ana rasa trauma ing atine Anisah yen saben turu disandhing Purnomo. Anisah milih ngaleh lan nulak alus pangajake Purnomo. Alasane Anisah kesel.

Sejatine Anisah kepingin ngrasakake arane suwarga donya kaya kang dicritakake karo kanca-kanca nalika ngenteni ing TK. Anisah kepingin ngladeni Purnomo kanthi niyat tulus, tanpa rasa kepeksa. Anisah ora mung kepingin ngladeni Purnomo amarga kuwi kewajibane, nanging Anisah kepingin ngrasakake suwarga donya. Pranyata tumindake Purnomo malah suwalike. Tumindake Pur ora kaya kang diangen-angen dening Anisah.

Kekerasan seksual uga dialami dening Laura sajrone novel *Runaway Wife*. Kekerasan seksual kang dialami dening Laura bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (8) “Demikian juga dengan seks tak terpuaskan yang dilakukan dengan sangat kasar sehingga Laura menjerit kesakitan” (RW, 2010:8)  
*(“Semono uga seks kang ora muasake kang dilakoni kanthi kasar saengga Laura mbengok kelaran.”)*

Pethikan kasebut menehi gambaran tumindak degsiya awujud kekerasan seksual kang dialami dening Laura. Colin, bojone Laura ora mikir yen tumindake bakal gawe Laura kelaran. Colin saya seneng lan rumangsua puas yen Laura ngrasake lara. Colin pancen sengaja gawe Laura kelaran. Yen Laura kelaran, Colin bisa ngrasa puas. Tumrape Colin, kepenginane Laura ora wigati, kang paling wigati kekarepane bisa kelaksanan.

Kekerasan seksual kang dialami dening Laura ora mung pisan pindho, nanging kerep. Kekerasan seksual kang dialami dening Laura nyebabake Laura nduwe rasa trauma lan wedi karo Colin. Tumindak kasare Colin nggawa dampak elek tumrap Laura.

#### **Penyebab Tumindak Degsiya sajrone Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife***

Tumindak degsiya kang dilakoni dening para paraga sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan *Runaway Wife* mesthi ana penyebabe. Penyebab tumindak degsiya bakal diandharake ing kene. Penyebab tumindak degsiya kuwi ana maneka werna, kayata anggepan yen wong lanang luwih kuwasa tinimbang wong wadon kang diugemi ing masyarakat, kekerasan kanggo mungkasi perkara, faktor ekonomi, frustasi, kelainan, lan sapiturute. Tulisan iki bakal ngadharake penyebab tumindak degsiya sajrone novel anggitane Sunarko Budiman lan Margaret Way. Ora mungkin sawijining pawongan nindakake degsiya tanpa ana sebabe. Andharane ngenani penyebab tumindak degsiya bisa dideleng ing ngisor iki.

#### **Panguwasa**

Kapitayan masyarakat kang nganggep wong lanang luwih nduwensi kuwasa tinimbang wong wadon bisa dadi salah siji penyebab tumindak degsiya. Anggepan kasebut diugemi ing kulawarga lan masyarakat. Anggepan yen kuwasane wong lanang luwih dhuwur tinimbang wong wadon kang nyebabake wong lanang bisa tumindak sawenang-wenang marang wong wadon.

Penyebab tumindak degsiya ngenani panguwasa iki dicritakake sajrone novel *Runaway Wife*. Gambaran penyebab tumindak degsiya amarga panguwasa kaya pethikan crita ing ngisor iki:

(9) "...Colin memutuskan hubungan Laura dengan teman-temannya, menjauhkan Laura dari siapa saja yang cukup cerdas dan sanggup menolong istrinya. Semakin lama Laura semakin jarang bertemu siapa pun." (RW, 2010: 6)

("... Colin medotake sesambungane Laura karo kanca-kancane, ngaduheke Laura saka sapa wae kang

cukup pinter lan sanggup nulungi bojone. saya suwe Laura jarang ketemu sapa wae.")

Pethikan kasebut mujudake andharan saka pangripta. Pangripta menehi gambaran yen Colin minangka wong lanang kang seneng nguwasan bojone. Buktine bisa dideleng saka pethikan mau. Pethikan mau menehi gambaran yen Colin medotake lan ngaduheke Laura saka kanca-kancane. Tujuwan saka tumindake Colin supaya ora ana pawongan kang bisa nulungi Laura saka kakuwasaane Colin. Colin kepingin terus nguwasan Laura. Kabeh tumindake Laura kudu manut aturane Colin.

Modhel wong lanang kaya Colin iki kang bisa nindakake tumindak degsiya marang sisisane. Panguwasanane Colin marang Laura ora mung bab kekancan, nanging uga hobii utawa kasenengan. Colin menging Laura nglakoni hobine.

#### **Ekonomi**

Ekonomi uga dadi faktor kang nyebabake tumindak degsiya. Wong wadon kang ora bisa mandiri lan uripe gumantung marang wong lanang nyebabake wong lanang bisa tumindak sasenenge dhewe. Babagan iki bisa dimanfaatake dening wong lanang kanggo nindakake samubarang kang trep karo kekarepane tanpa kudu diprotes dening wong wadon. Wong wadon kang ora bisa mandiri, mung pasrah karo sakebehe tumindake bojone kang bisa gawe atine lara.

Faktor ekonomi uga dadi penyebab tumindak degsiya sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan novel *Runaway Wife*. Gambaran ngenani penyebab tumindak degsiya amarga ekonomi bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

(10) "Bareng saiki Purnomo kena pehaka wiwit krasa anane owah-owahan sajroning ngadhepi lakon panguripan. Sejatine Anisah ora gelem diajak regejegan. Apa maneh tukaran. Kejaba isin dirungu tangga, Anisah ora kepingin konflik suami-istri iki dirasakake Faza." (RNB, 2013:22)

Pethikan kasebut menehi gambaran ngenani penyebab konflik sajrone crita. Alur kasebut nggambareke yen penyebab tumindak degsiya sajrone bale somah antarane Anisah lan Purnomo amarga Purnomo di pehaka. Purnomo kang kulina urip kepenak kudu ngadhepi lelakon panguripan kang kurang kepenak. Purnomo dadi pengangguran kang mung njagakake dhuwit tabungane.

Sawise dipehaka, Purnomo maleh dadi wong kang gampang nesu. Purnomo uga kerep tukaran karo Anisah ngenani perkara sepele. Anisah sejatine ora kepingin

tukaran karo Purnomo, ora kepenak yen krungu tangga, apa maneh yen diweruhi Faza. Anisah ora pingin perkembangane Faza kaganggu amarga weruh wong tuwane kerep padu.

### Kelainan/Penyakit

Kelainan/penyakit minangka salah sawijining penyebab tumindak degsiya sajrone bale somah. Penyebab tumindak degsiya siji iki jarang ana. Kelaian utawa penyakit seksual bisa nyebabake sawijininng pawongan nindakake degsiya marang pawongan liyane. Penyebab tumindak degsiya sing siji iki kacritakake sajrone novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way. Pangripta asal Australia iki menehi gambaran ngenani tumindak degsiya sajrone bale somah jalaran kelainan utawa penyakit.

Andharane ngenani tumindak degsiya amarga kelainan kaya kang kagambarake sajrone pethikan crita ing ngisor iki:

(11)

“Suaminya yang masih muda dan cerdas, bintang yang tengah menanjak di dunia kedokteran bedah jantung, ternyata orang yang berbahaya dan labil-meskipun tidak seorang pun yang mengenal suaminya itu akan menyangka Colin ternyata seperti itu.” (RW, 2010:6)

*(“Bojone sing isih enom lan pinter, bintang sing lagi nanjak ing bidhang kedokteran bedah jantung, pranyata pawongan sing bebayani lan labil- senajan wong sing kenal bojone ora bakal percaya yen Colin kaya ngono.”)*

Pethikan ing ndhuwur minangka pangudarasane Laura ngenani tumindake bojone. Laura mikir kenapa Colin bisa tumindak degsiya marang dheweke. Senajan sikape ing ngarepe kanca-kancane beda karo yen lagi karo Laura. Saben pawongan sing kenal karo Colin ora bakal ngira yen Colin kuwi pawongan kang mbebayani lan seneng nyiksa bojone. Ing sangarepe kanca-kancane, Colin dianggep dokter bedah jantung sing nduwe tata krama lan ngerti adat. Kanyatan kuwi walikan karo apa kango dialami dening Laura.

Laura ora yakin ana wong sing percaya karo critane ngenani Colin. Laura bingung kudu njaluk pitulungane sapa. Jalaran mung Laura sing ngrasakake akibat saka tumindake Colin kang degsiya lan mbebayani kuwi. Colin pancen wong lanang sing pinter sarta licik. Dheweke nduwe rong kapribadhen. Yen ing sangarepe kanca-kancane, dheweke bakal nuduhake yen panguripan bale somahe karo Laura kebak rasa tresna lan bagya. Sikape Colin sing nuduhake rasa tresna lan welas asih

kuwi kang nyebabake Laura gelem rabi karo Colin. Laura durung sadhar yen sejatinne Colin wong lanang sing nduwe masalah kajiwana.

Bareng saiki Laura nggetuni pilihane kang rabi Colin. Angen-angene kepingin golek bojo kang kaya bapake ora bisa dadi kanyata. Dheweke malah kudu rabi karo wong sing nduwe masalah psikologis.

### Sikap Paraga Utama Nalika Ngalami Tumindak Degsiya sajrone Urip Sesomahan ing Novel Rembulan Nduwur Blumbang lan Runaway Wife

Paraga utama yaiku pawongan kang nduweni peranan kang wigati sajrone karya sastra lan dadi punjering crita. Saben karya sastra mesthi ndewuni paraga utama kayata novel *Rembulan Nduwur Blumbang lan Runaway Wife*. Paraga utama sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* yaiku Anisah lan Laura minangka paraga utama sajrone novel *Runaway Wife*. Tulisan iki ora arep ngrembug ngenani paraga utama, nanging ngenani sikape paraga utama nalika ngadhepi masalah sajrone uripe kaya kang kacritakake sajrone novel.

Tema crita kang diangkat sajrone kekarone novel iki yaiku tumindak degsiya sajrone bale somah. Paraga utama sajrone kekarone novel iki padha-padha dadi kurban tumindak degsiya. Mula ing kene bakal diandharake kepriye sikape paraga utama nalika ngalami tumindak degsiya. Saben paraga nduweni sikap kango beda nalika ngalami tumindak degsiya. Bab kuwi disebabake amarga kena pangribawane budaya kango ana ing panggoanane paraga utama.

Paraga Anisah kang asli wadon Jawa mesthi nduwe sikap kang luwih sabar lan pasrah. Anisah urip ing tlatah Jawa kang isih ngugemi panemune yen wong lanang luwih kuwasa tinimbang wong wadon. Beda karo paraga Laura sajrone novel *Runaway Wife*. Laura kang urip ing Australia uga kena pangribawa budaya kana. Laura luwih wani lan nduwe kepingin kanggo bebas saka siksaane bojone. Andharan luwih cetha ngenani sikap paraga utama kaya ing ngisor iki.

### Pasrah

Pasrah yaiku sawijining sikape manungsa kang nrima nasibe apa anane tanpa ana usaha supaya uripe luwih kepenak. Pawongan kang nduwe sikap pasrah kuwi nrima dalan uripe kang wis digarisake dening Kang Maha Kuwasa, ora nduwe kepenginan kanggo maju utawa sukses. Salah sawijining paraga sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* uga dicritakake nduweni sikap pasrah. Paraga kuwi yaiku Anisah. Anisah minangka paraga utama sajrone *Rembulan Nduwur Blumbang*. Anisah nrima kabeh tumindake bojone sing egois. Kahanan iki bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

(12) “Sajake Miko bisa mahami  
kahanan sepira tingkat

keharmonisan keluwargane Anisah lan Pur sasewene iki. Anisah sing nriman. Pur sing egois." (RNB, 2013:154)

Pethikan kasebut menehi gambaran yen sasuwene iki kahanan bale somahe Anisah lan Purnomo kebak masalah. Anisah, wadon sing ngugemi piwelinge simboke yen wong wadon kuwi suwarga nunut, neraka katut, mung bisa nrima sakabeh tumindak degsiyane Pur marang dheweke. Sikape Anisah beda adoh karo Purnomo sing sakepenake dhewe, egois tanpa mikir kahanane anak-bojo.

Anisah pancen ora tau nglawan Purnomo. Anisah nrima kabeh tumindake Pur marang dheweke. Anisah lagi gelem nglawan Purnomo yen dirasa tumindake Purnomo wis kebangetan, apa maneh yen nytinggung wong tuwane sakloron.

Anisah isih bisa nrima tumindake Purnomo, nanging Anisah ora bisa meneng wae yen kulawargane uga diremehake dening Purnomo. Anisah njlentrehake marang Purnomo yen tumindake Purnomo salah. Sejatiné Anisah kepingin nyunthak kabeh rasa pangrasa kang dirasakake sasuwene iki, nanging niyate diwurungake.

Sasewene iki, Purnomo nindakne apa wae Anisah ora tau protes. Anisah ya ora tau nakokake menyang ngendi parane Purnomo yen metu. Anisah wis tatu atine. Anisah pilih meneng wae tinimbang padu karo Purnomo amarga pungkasane tetep dheweke sing disalahake dening Purnomo. Anisah milih ngalah tinimbang masalahe saya dawa.

### **Wedi**

Salah sawijining sikap paraga nalika ngalami tumindak degsiya yaiku wedi. Sikap wedi iki digambarake sajrone novel *Runaway Wife* anggitane Margaret Way. Paraga utama sajone novel iki dicritakake nduwe rasa wedi marang bojone dhewe. Paraga utama ing novel iki yaiku Laura. Laura wedi saben weruh bojone. Wewayangan tumindak degsiya kang dilakoni bojone, Colin kang nyebabake dheweke kewedan. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

(13) "Laura tidak pernah lagi merasa aman. Tidak mungkin aman bila hidup bersama Colin. Meskipun ia berusaha keras untuk hidup secara normal, kenyataannya ia ketakutan sepanjang waktu." (RW, 2010:5)

("Laura wis ora tau ngrasa aman. Ora mungkin aman yen terus urip somahan karo Colin. Senajan dheweke njajal supaya urip normal, kanyatane dheweke wedi saben wektu.")

Pethikan kasebut nyritakake yen uripe Laura kebak rasa wedi sawise dheweke rabi karo Colin. Rabi karo Colin minagka bencana tumrapé Laura. Angen-angen kanggo mangun bales somah kabak kebagyan wis ilang sapungkase bulan madu. Saiki sing ana mung rasa wedi lan trauma. Atine Laura dikebaki rasa wedi. Laura mesthi was-was karo tumindake bojone. Laura wedi yen sawayah-wayah Colin nyiksa dheweke.

Laura kepingin nglawan, kepingin males tumindake bojone, nanging nyaline ciyut saben weruh praupane bojone. Colin sing romantis lan kawigaten marang dheweke, owah dadi Colin sing seneng nyiksa dheweke.

Colin sengaja nggawe Laura supaya wedi karo dheweke. Colin kepingin Laura wedi karo dheweke. Colin ora butuh ditresnani, nanging kepingin diwedeni. Colin pancen kelainan. Bojone didhidhik supaya wedi marang dheweke. Laura ora ngerti penyebabe tumindake Colin sing degsiya kuwi.

Uripe Laura dikebaki wewayangan lelakon degsiyane Colin. Laura ora bisa urip normal. Pikiran kebak tumindak degsiyane Colin. Laura nyoba ngalekake, nanging ora bisa. Colin wis kasil ngubah gawe dheweke ora tenang. Laura ora ngerti cara ngadhepi wong lanang kaya Colin. Laura uga ora ngerti kepriye carane ngilangake rasa wedi ing atine. Laura ora bisa urip kebak rasa wedi. Dheweke kepingin urip tenang lan aman, adoh saka rasa wedi.

Wewayangan tumindak degsiyane Colin ora bisa ilang saka pikiran Laura. Saben Laura golek cara kanggo lunga saka omah, wewayangan kuwi liwat ing pikiran. Laura tau lunga saka omah lan ndhelik ing omahe kancane, nanging Colin kasil nemokake Laura sarta bisa gawe kancane Laura percaya yen Laura sing nduwe masalah kajiwana. Usahane Laura siya-siya. Laura kala-kala mikir apa mung dheweke sing weruh tumindak degsiyane bojone.

### **Pisah lan Rabi Maneh**

Sikap paraga utama nalika ngalami tumindak degsiya sajrone bale somahe yaiku kepingin pisahan karo bojone kang nindakake degsiya. Sadurunge pisahan karo bojone, kurban tumindak degsiya kudu bisa nylamatake awake dhewe kanthi cara lunga saka omah. Bab kuwi kang dilakoni dening Laura, paraga utama sajrone novel *Runaway Wife*. Laura lunga saka omah supaya bisa bebas saka siksaane Colin. Laura kudu bisa nggayuh kabebasane sing dirampus dening Colin

Laura kepingin lunga saka Colin. Tumindak degsiyane Colin sing tanpa alesan lan ora masuk akal wis cukup nguwtake tekade Laura kanggo ngadobh saka Colin. Laura kudu bisa nylametake awake dhewe. Laura kudu bisa nggayuh jati dhirine, awake, pikiran lan rasa percaya dhirine sing wis ancur akibat tumindak degsiyane

Colin. Laura kang tuwuhan sajrone kulawarga kang kebak rasa tresna lan welas asih, ora bisa nampa tumindake Colin sing ora wajar.

Tumrape Laura tumindake Colin memper kaya wong kang nandhang lara kajiwana. Laura ora bisa urip bebarengan karo wong kang lara jiwane. Laura kudu bisa lunga adoh karo Colin. Laura ora bisa dilecehne lan diremehne kanthi cara terus-terusan. Laura kepingin merdeka, urip tanpa siksaane Colin. Laura kudu bisa mandiri. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (14) “Ia merasa dilecehkan, dihina, dan dipermalukan habis-habisan, sehingga benaknya menyusun strategi untuk mlarikan diri, meskipun ia memendam ketakutan kalau-kalau suaminya mampu menemukan ke mana pun ia pergi.” (RW, 2010:9)  
*(“Dheweke ngrasa dilecehake, dihina, lan diremehake entek-entekan, saengga angen-angene nyusun strategi kanggo kabur, senajan dheweke nyimpen rasa wedi yen bojone bisa nemokake dheweke menyang ngendi wae parane.”)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake kepenginane Laura kanggo lunga saka omah. Kekarepan lunga saka ngomah kuwi didhasari rasa pingin merdeka. Laura wis ora gelem diremehake maneh karo Colin. Laura nduwe hak kanggo merdeka. Laura nduwe hak kanggo urip bebas saka rasa wedi lan siksaan. Laura kudu bisa gawe Colin sadhar yen Colin ora bisa tumindak sasenenge dhewe marang Laura.

Laura wis nyusun rencana kanthi temenan. Laura kepingin lunga adoh menyang dhaerah sing terpencil sing ora bakal diweruhi bojone, Colin. Laura wis mutusake yen dheweke bakal lunga menyang Koomera Crossing, yaiku dhaerah terpencil ing pedalaman Australia. Laura bakal ngenteni wektu kang pas kanggo lunga saka omah. Rencanane disusun kanthi rinci supaya rencanane ora gagal maneh.

Laura mangertenin pancer dudu perkara kang gampang kanggo kabur saka kakuwasaane Colin, nanging Laura kudu usaha. Laura yakin ora ana wong sing bisa nylametake dheweke yen Laura dhewe ora usaha. Laura banjur kelingan karo Sarah Dempsey, kanca seprofesine Colin. Laura yakin Sarah bisa aweh putulungan marang dheweke. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (15) “Laura yakin Sarah Dempsey wanita tegar dan suka menolong, sangat baik hati dan berhati lembut. Tipe wanita yang

mampu membantunya memulihkan kehidupannya.” (RW, 2010:17)

*(“Laura yakin Sarah Dempsey wadon tegar lan seneng tetulung, atine apik lan lembut. Tipe wong wadon sing bisa ngewangi dheweke ngobati uripe.”)*

Pethikan ing ndhuwur nyritakake ngenani keyakinane Laura marang Sarah. Laura kenal karo Sarah nalika Laura diajak Colin menyang acara klumpukan para dokter. Laura wis kenal apik karo Sarah. Sarah nyambut gawe minangka dokter ing Koomera Crossing Bush Hospital. Mula saka kuwi, Laura kepingin lunga menyang Koomera Crossing. Laura percaya yen Sarah bakal bisa ngewangi Laura pulih saka trauma sing dirasakake saiki.

Panemune Laura bener, Sarah pancer bisa nulungi dheweke. Alon-alon Sarah uga nulungi Laura supaya nduwe rasa percaya dhiri maneh. Sarah ngandharake menyang Laura yen Laura dudu penyebab perkara sajrone bale somahe.

Usahane Sarah wis kasil gawe Laura sadhar yen penyebab perkara sajrone bale somahe dudu Laura. Colin pancer sengaja njrumusake Laura supaya Laura ngrasa salah, wedi lan tertekan. Usahane Colin meh kasil gawe Laura ngrasa yen Laura ora ana ajine. Sarah wis bisa gawe Laura ngrasa percaya dhiri maneh.

Alon-alon Sarah Dempsey bakal ngewangi Laura bebas saka penjajahane Colin. Laura kudu bisa urip normal tanpa dibayang-bayangi rasa wedi. Sarah kepingin ngewangi Laura supaya bisa pegatan karo Colin. Laura bisa mbukak lembaran anyar ing uripe. Pancer dudu perkara sing gampang, nanging Sarah yakin yen Laura bakal mari saka rasa traumane.

Pranyata lunga saka omah, keputusan kang bener. Alon-alon Laura bisa nemokake jati dhirine. Rasa percaya dhirine wiwit tuwuhan. Laura yakin, iki kabeh amarga pitulungan saka Sarah. Ora mung Sarah, kang ngewangi Laura bangkit saka rasa *terpuruk*, nanging uga diewangi dening Evan. Evan Thompson yaiku tanggane Laura. Laura ora sengaja nyewa omah sesandhingan karo omahe Evan.

Evan wis seneng karo Laura wiwit awal kenal Laura. Suwaliike, Laura kang isih trauma karo wong lanang mung nganggep Evan minangka kanca. Kanthi lumakune wektu, wiwit tuwuhan rasa tresna antarane Evan lan Laura. Laura wiwit nresnani Evan. Laura seneng yen ana ing cedhake Evan. Laura ngrasa yen Evan beda karo Colin. Kahanan iki bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (16) “Ia mulai menganggap Evan sebagai sosok ksatria hitam

misterius, yang memasuki kehidupannya ketika ia sedang sangat membutuhkan pertolongan... Evan membuatnya bergairah sekaligus menenangkannya—

menumbuhkan kesadarannya sebagai wanita dewasa, yang tak pernah ia alami bersama Colin.” (RW, 2010:142)

(“*Dheweke wiwit nganggep Evan minangka pahlawan misterius, kang ana ing uripe nalika dheweke lagi mbutuhake pitulungan... Evan gave Laura bergairah sarta bisa nenangake dheweke—nuwuhake kasadharane minangka wanita diwasa, kang ora tau dialami karo Colin.*”)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake rasa pangrasane Laura. Evan bisa ngilangi rasa trauma kang dirasakake dening Laura nalika dheweke mangun bale somah klawan Colin. Evan dudu modhel wong lanang kaya Colin kang senengane nyiksa wanita. Evan kaya pahlawan tumrape Laura. Evan bisa gawe atine Laura seneng lan tenang. Ora ana rasa wedi disiksa yen Laura barengan karo Evan. Sikape Evan pancep beda karo Colin. Evan ngregani banget marang wong wadon.

Laura kudu ngalami panyiksan nalika mangun bale somah karo Colin. Panyiksan kang sasuwene iki dirasakake wis ora ana maneh. Colin wis ditangkep lan digawa menyang kantor pulisi. Laura seneng, lelakon uripe sing pait wis buyar. Laura uga wis nemokake wong lanang kang bakal ngebaki uripe karo rasa tresna lan aman. Wong lanang kuwi yaiku Evan. Evan janji bakal ngrabi Laura yen masalahe Laura lan Colin wis dirampungake. Uripe Laura saiki wis kebak rasa seneng, ora ana rasa wedi disiksa.

#### **Wujud Bandhingan Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan Novel *Runaway Wife***

Antarane rong karya sastra modern iki yaiku novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* lan novel *Runaway Wife* nuduhake ana perangan crita kang padha yaiku ngenani tindak degsiya marang wong wadon kang dumadi sajrone bale somah. Senajan ana perangan kang padha, nanging rong karya sastra iki nduweni bab-bab kang beda. Bab-bab kang beda saka rong novel kasebut bisa dideleng ing ngisor iki:

#### **Basa**

Novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* nggunakake basa Jawa. Novel *Runaway Wife* yaiku novel kang asale saka negara Australia ditulis nggunakake basa Inggris, nanging wis dijarwakake ing basa Indonesia dening Istiani Prajoko.

#### **Korban tindak degsiya**

Anisah minangka paraga utama sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*. Laura minangka paraga utama sajrone novel *Runaway Wife*.

#### **Paraga kang nindakake degsiya**

Purnomo yaiku bojone Anisah. Anisah lan Purnomorabi amarga dijodohake karo bulike Anisah. Colin yaiku bojone Laura. Colin rabi karo Laura, amarga tertarik karo Laura lan jalaran umure Laura isih enom tinimbang Colin.

#### **Wujud tindak degsiya**

Sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang*, Anisah ngalami tindak degsiya, kayata dijambak, dieret-eret, lan dijongkrokake. Banjur tindak degsiya arupa psikis kang dialami Anisah kayata diseneni, diremehake, sarta ora dianggep minangka garwa. Anisah kaya ora ana ajine ing ngarepe Purnomo. Bab iki kang njalari Anisah ngrasakake lara ati, nanging mung diempet ora wani kumecap. Saliyane kuwi, Anisah uga ngalami kekerasan seksual. Anisah ngrasakake lara nalika Purnomo ngajak saresmi amarga Purnomo nggladur sakarepe dhewe.

Kekerasan fisik kang dialami Laura kayata dijongkrokake Colin nganti natap tembok, dikaplok, dijambak rambute, lan dibius supaya Laura ora sadhar. Banjur kekerasan psikis kang dialami dening Lauara arupa tembung-tembung lan ukara-ukara kasar kang diomongake dening Colin kang tujuwane supaya Laura kelangan rasa percaya dhirine. Laura *didoktrin* supaya tunduk karo prentahé Colin. Laura ora dianggep minangka garwa, nanging dianggep *boneka* kang bisa dilakokake sasenenge ati. Saliyane kuwi, Colin uga nyiksa Laura nalika saresmi. Colin sengaja nindakake degsiya nalika saresmi supaya Laura kelaran. Colin bakal bungah atine, yen Laura kelaran.

#### **Penyebab tindak degsiya**

Tindak degsiya sajrone novel *Rembulan Ndhuwur Blumbang* amarga faktor ekonomi. Purnomo dipik saka panggonan kerjane. Sawise dipik, Purnomo ngalami owah-owahan sikap. Sikape Purnomo dadi kasar. Saliyane kuwi, Purnomo kerep nyalahake sakabebe tumindake Anisah, tuladhane perkara ngopeni anak.

Tindak degsiya sajrone novel *Runaway Wife* disebabake amarga Colin nduweni *kelainan seksual*. Tegese Colin seneng lan rumangsa bagya yen Laura, bojone kelaran. Saliyane kuwi, Colin uga nduwe *pemahaman* kang salah ngenani ilmu agama. Sajrone ilmu agama diandharake yen wong lanang minangka pemimpin, nanging Colin salah nafsirake maksudte andharan kasebut. Mula Colin kepengin nguwasanai Laura. Laura didhidhik supaya manut lan wedi karo sing lanang. Colin uga ngupaya supaya Laura ora bisa nindakake apa wae tanpa prentah saka Colin. Colin sengaja gawe Laura kelangan kepercayan dhirine. Laura

uga dipenging pethukan karo kancane, senajan kancane wadon. Uripe Laura dikuwasani dening Colin.

#### Sikape paraga nalika ngalami tindak degsiya

Anisah kanthi sabar nrima sikape bojone kang maleh kasar marang dheweke. Anisah uga ora tau protes karo sikape bojone. Anisah isih tlaten ngopeni Purnomo. Senajan Purnomo jarang mulih menyang omah, Anisah isih masak kanggo Purnomo. Nalika Purnomo lara, Anisah isih gelem nunggoni ing rumah sakit, masiya digethaki lan diseneni karo Purnomo, kadhang kala Anisah malah dikongkon mulih. Senajan lara ati, Anisah isih gelem nindakake kewajibane minangka bojone Purnomo. Anisah uga isih bisa ngempet nesune nalika meruhi Purnomo selingkuh. Sikape Anisah kang kaya mangkono amarga saka kapribadhene Anisah kang nriman lan sabar.

Laura isih enom lan durung akeh pengalaman nalika rabi karo Colin. Mula Laura wedi yen weruh sikape Colin kang seneng nyiksa dheweke. Laura kang ora tahan karo sikape Colin, nduwe pikiran lunga saka omah. Banjur Laura njaluk pitulungan saka Sarah, kancane. Sarah kang ngewangi Laura lunga saka omah lan nggolekake kontrakan kanggo Laura. Sawetara wektu Laura kudu urip ing dhaerah terpencil supaya Colin ora bisa nemokake dheweke. Sarah kang mesakake nyawang kahanane Laura, banjur kepengin ngewangi Laura supaya bisa pisahan karo Colin, nanging sadurunge Sarah kudu menehi *terapi* marang Laura supaya ora trauma. Ing dhaerah terpencil kasebut, Laura uga pethukan karo wong lanang kang solah bawane apik. Wong lanang kasebut aran Evan. Evan dadi *sosok pelindung* tumrap Lura. Pungkasane Colin kasil nemokake Laura. Colin meksa Laura supaya gelem mulih, nanging Laura ora gelem. Laura malah njaluk pisahan karo Colin. Colin nesu lan nyiksa Laura. Ora sawetara suwi, Evan teka lan nulungi Laura. Banjur Evan nelpon kantor polisi. Colin digawa menyang kantor polisi. Colin kudu nanggung akibat saka tumindake.

#### PANUTUP

#### Dudutan

Novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan *Runaway Wife* ngangkat tema kang padha yaiku ngenani tumindak degsiya marang wong wadon. Tumindak degsiya kasebut dumadi sajrone bale somah. Korban tumindak degsiya kasebut aran Anisah sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan Laura sajrone novel *Runaway Wife*, dene kang nindakake degsiya yaiku bojone dhewe, Purnomo ing *Rembulan Nduwur Blumbang* lan Colin ing *Runaway Wife*.

Gambaran tumindak degsiya sajrone kaloro novel kasebut diperang dadi telu, yaiku kekerasan fisik, psikis,

lan seksual. Kekerasan fisik kang dialami dening Anisah kayata dijambak rambute, dijongkrokake, lan dieret-eret ing ngarepe wong tuwane Anisah. Anisah uga ngalami kekerasan psikis lan seksual. Kekerasan psikis kasebut kayata diseneni, diremehake, ora dianggep minangka garwa, lan nyalahake carane Anisah ndhidhik anak, dene kekerasan seksual kang dialami Anisah yaiku ngrasakake lara nalika Purnomo ngajak saresmi amarga Purnomo ngladur sakarepe dhewe.

Laura uga ngalami kekerasan fisik, psikis, lan seksual. Kekerasan fisik kang dialami dening Laura kayata njongkrokake nganti natap tembok, njongkrokake nganti Laura tiba ing jogan, ngaplok, njambak rambut, lan nganti tega mbius Laura amarga Laura nglawan. Kekerasan psikis kang dialami Laura arupa omongan-omongan saka bojone, Colin kang nduwe tujuwan supaya Laura kelangan rasa percaya dhiri, dene kekerasan seksual kang dialami dening Laura yaiku ngrasakake lara nalika saresmi.

Perangan kang beda saka rong novel kasebut, yaiku penyebab tumindak degsiya. Penyebab tumindak degsiya sajrone novel anggitane Narko amarga faktor ekonomi, dene sajrone novel anggitane Margaret yaiku panguwasa lan kelainan.

Sikap paraga utama sajrone novel *Rembulan Nduwur Blumbang* lan novel *Runaway Wife* nalika ngalami tumindak degsiya uga dadi perangan kang beda saka kalarone novel kasebut. Novel *Rembulan Nduwur Blumbang* nggamarake sikap paraga utama kang pasrah nalika ngalami tumindak degsiya, dene sajrone novel *Runaway Wife* Laura diggamarake wedi karo bojone, nanging dheweke isih nduwe kewanen kanggo males tumindake bojone. Laura kepengin bojone oleh hukuman kang trep karo tumindak lan supaya bojone kapok nindakake degsiya marang wong wadon. Sawise pisahan karo Colin, Laura uga nduwe kepenginan arep rabi karo Evan, wong lanang kang ditresnani lan kang wis ngewangi Laura mari saka rasa traumane.

#### Pamrayoga

Panliten iki kaajab bisa nambahi pangerten ngenani sastra bandhingan tumrap panulis lan pamaos. Panliten kasebut uga bisa kango nambahi kawruh ngenani sastra lan panliten sastra. Panliten iki mligine ngandharake bab sastra bandhingan kang mbandhingake rong karya sastra kanthi basa kang beda.

Panliten iki kaajab bisa nyengkuyung pangrembakan kasusastran Jawa modern. Panliten iki menehi pamawas ngenani tintingan sastra bandhingan. Panliten iki uga minangka bahan informasi yen sajrone reiptan sastra mesthi kinandhut piwulangan kang nduweni piguna tumrap pamaose.

Panliten sastra bandhingan iki isih adoh saka sampurna, mula bisa ditintingi kanthi rowa maneh

nganani gambaran tumindak degsiya, penyebab tumindak degsiya, lan sikap paraga kang ngalami tumindak degsiya sajrone kalorone novel. Panliten iki uga dikarepake bisa kanggo referensi lan bisa mbiyantu tumrap panliten sabanjure.

## KAPUSTAKAN

Adi, Ida Rochani. 2011. *Fiksi Populer: Teori dan Metode Kajian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Sastra Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Budiman, Sunarko. 2011. *Rembulan Nduwur Blumbang*. Yogyakarta: Azzagrafika

Cahyanti, Fitra Wahyu. 2014. *Cerita Jaman Reformasi sajrone Cerbung Ngundang Eseme Rembulan Anggitane Esmiet lan Novel 1998 Anggitane Ratna Indraswari Ibrahim (Tintangan Sastra Bandhingan)*. Skripsi. Surabaya: Tidak diterbitkan.

Damono, Sapardi Djoko. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Pusat Bahasa.

Darni. 2012. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: MedPress

Hutomo, Suripan Sadi. 1993. *Merambah Matahari Sastra dalam Perbandingan*. Surabaya: Gaya Masa

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastaan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Koentjaraningrat. 1984. *Kabudayan Jawa*. Jakarta: PN Balai Pustaka

Moleong, Lexy J. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Putri, Sukma S.R. 2014. *Karakteristik Carita Detektif Jaring Kalamangga Anggitane Suparto Brata lan Carita Detektif House of Silk Anggitane Nathony Horowitz*. Skripsi. Surabaya: Tidak diterbitkan

Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Ratna, Septika. 2012. *Struktur Novel Garuda Putih Anggitane Suparto Brata Brata lan Novel Tragedy Kapal Gloria Scott Anggitane Sir Arthur Conan Doyle*. Skripsi. Surabaya: Tidak diterbitkan

Saputra, Dwi Nadhif. 2010. *Konvensi Crita Detektif ing Cerbung Salindri Kenya Kebak Wewadi Anggitane Pakne Puri lan Novel Misteri Tragedi Rumah*

*Warisan Anggitane S. Mara GD (Tintangan Sastra Bandhingan)*. Skripsi. Surabaya: Tidak diterbitkan

Suwondo, Tirto. 2006. *Antologi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adiwacana

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya

Way, Margaret. 2010. *Runaway Wife*. Terjemahan Istiani Prajoko. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Wellek, Rene lan Austin Warren. 1993. *Teori Kesusastraan*. Terjemahan Melani Budianto. Jakarta: Gramedia

Yusuf, Asep. 2007. *Metode Penelitian Sastra*, Modul. Bandung: Unpad.

## Internet :

Australia Plus. 2015. *KDRT Sudah Mengakar dalam Budaya Australia* (jrone KDRT-Sudah-mengakar-dalam-budaya-australia-plus-ABC-Metrotvnews.com.html), diakses tanggal 20 Juli 2015

Hertoni. 2011. *Budaya &Gaya Hidup Negara Australia* (jrone HertoniAn.blogspot.com/budaya-&-gaya-hidup-negara-australia.html), diakses tanggal 20 Juli 2015.

Rachmat. 2013. *KDRT (Analisis Masalah Sosial)* (jrone rachmatbox.blogspot.com/2013/09/KDRT.html), diakses tanggal 20 Juli 2015

Pasalbessy, John Dirk. 2010. *Dampak Kekerasan Terhadap Perempuan dan Anak serta Solusinya* (jrone paparisa.unpatti.ac.id), diakses tanggal 3 April 2015.

Sutrisminah, Emi. 2012. *Dampak Kekerasan Pada Istri Dalam Rumah Tangga Terhadap Kesehatan Reproduksi* (jrone jurnal.unissula.ac.id/index.php/majalahilmahsultangagung/article/view/62), diakses tanggal 3 April 2015.

—. *Australia Perketat Aturan Hukuman Pelaku KDRT* (jrone m.republika.co.id/berita/internasional/abc-australia-network/14/06/27/n7t4c1-australia-perketat-aturan-hukuman-pelaku-kdrt), diakses tanggal 30 April 2015.

—. *Biografi Margaret Way* (jrone [http://en.m.wikipedia.org/wiki/margaret\\_way.html](http://en.m.wikipedia.org/wiki/margaret_way.html)), diakses tanggal 16 Februari 2015.

—. 2015. *KEHIDUPAN DAN KEBUDAYAAN AUSTRALIA* (JRONE VISITANDENJOYTHIS.BLOGSPOT.COM/2015/04/KEHIDUPAN-DAN-KEBUDYAAN-AUSTRALIA.HTML), DIAKSES TANGGAL 20 JULI 2015